

Pestisid ak Oumenm

Èske ou travay avèk pestisid oswa kote ki gen pestisid?

Yo itilize pestisid pou touye oswa kontwole ensèk, move zèb, sourit, ak tout sa ki devlope sou plant ak manje. Yo debarase tou move odè ak mikwòb ki nan lè a, sou miray yo, ak sou planche yo.



LÈ W AP TRAVAY:

- Mete rad tankou chemiz manch long, pantalon long, soulye, chosèt, chapo ak foula pou pa kite ensèk ak èbisid yo antre nan kò ak cheve ou.
- Si w melanje, chaje oswa aplike ensektisid oswa èbisid, kouvri nen ou, figi ou, men ou ak pye ou.
- Mande fason pou itilize ensektisid oswa èbisid san pwoblèm—SWIV tout avètisman yo pou pwoteksyon ou.
- Poze kesyon sou ensektisid ak èbisid ou itilize yo epitou poze kesyon sou sa ki itilize nan zòn kote w ap travay.
- Rete lwen zòn kote yo mete ensektisid oswa èbisid—RESPEKTE pano ki endike “KEEP OUT, NO ENTRY” (RETE LWEN, PA ANTRE).
- Si ensektisid oswa èbisid tonbe sou ou pandan w ap travay, SÒTI NAN ZÒN LAN, fè yon moun konnen sa, epi AL BENYEN NAN DOUCH.
- Pa manje fwi ak legim ki sòti nan chan anvan w lave yo.



LÈ W FIN TRAVAY AK LÈ W LAKAY OU:

- Apre travay, TOUJOU lave kò ou ak cheve ou avèk savon ak dlo.
- Lè w kapab, pa kite travay ou avèk rad travay la sou ou.
- Lè w mete rad travay la, pa anbrase lòt moun oswa pa jwe avèk pitit ou yo.
- TOUJOU retire rad travay la sou ou pou mete rad pwòp.
- PA lave rad travay la ansanm avèk rès rad fanmi an.
- TOUJOU lave rad travay ou anvan mete yo ankò.
- Kite zouti travay ou nan travay la oswa deyò lakay ou.
- PA JANM sòti nan travay avèk ensektisid oswa èbisid oswa resipyan yo pou pote lakay ou.
- PA pote ensektisid oswa èbisid ki sòti nan travay ou pou itilize lakay ou.



LÒT KONSÈY ITIL

- Si w vin malad epi ou panse ou trape maladi a nan ensektisid oswa èbisid, ale nan klinik, sal-dijans ki pi pre w la oswa al wè doktè ki pi pre w la.
- Si w panse ou ansent, mande doktè ou si pa gen pwoblèm pou w travay kote yo itilize pestisid.

POU JWENN PLIS ENFÒMASYON, kontakte Pwogram Pesticide Exposure Surveillance and Prevention (Siveyans ak Prevansyon pou Ekspozisyon nan Pestisid) nan nimewo: (850) 245-4277 oswa rele gratis nan nimewo 1-800-606-5810. Ale sou sit wèb nou: www.myfloridaeh.com/community/pesticide/